Pou Piblikasyon Imedya: 31/07/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE POU METE DRAPO YO A DEMI MA POU ONORE CHÈF PONPYE STEPHEN WOEHRLE KI MOURI NAN SÈVIS LI

Yo pral flote drapo yo a demi ma atravè Eta Nouyòk nan samdi 1 out

Gouvènè Kathy Hochul te bay lòd jodi a pou yo bese drapo ki sou tout bilding gouvènman Eta a samdi 1ye out, depi solèy leve jouk solèy kouche, pou onore Chèf Ponpye Stephen Woehrle nan Piseco Volunteer Fire Company, ki te mouri nan kad sèvis li lendi 20 jiyè 2026.

"Lavi sèvis ak lidèchip Stephen se yon egzanp pou moun ki te travay avèk li ak pou tout moun k ap suiv tras li," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou rekonesan dèske Stephen te reponn apèl pou sèvi a, epi nou voye pi gwo senpati nou bay fanmi li, zanmi li ak lòt premye entèvenan parèy li yo."

Anplis sèvis li nan Piseco Volunteer Fire Company, Chèf Woehrle te deja sèvi kòm chèf Depatman Ponpye Elmsford, li te konsakre 48 an nan sèvis ponpye a, epi li te pran retrèt li kòm sèjan Depatman Lapolis Elmsford.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU
Pou dezabòne nan gwoup sa a epi sispann resevwa imèl ki soti ladan, voye yon imèl bay press.release+unsubscribe@exec.ny.gov.